

TUMINDAK DEGSIYA SAJRONE NOVEL “KEPANGGANG WIRANG” ANGGITANE TIWIEK SA

(Tintingana Sosiologi Sastra)

ROCHMA NUR HIDAYATI

Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah
Fakultas Basa lan Seni
Universitan Negeri Surabaya

nurma.emoet@yahoo.com

ABSTRAK

Novel Kepanggih Wirang anggitane Tiwiek SA. nuduhake maneka warna tumindak degsiya. Tumindak degsiya tuwuh amarga anane prakara-prakara kang ditandang dening paraga. Prakara kang dadi punjere panliten yaiku: 1) Kepriye tumindak degsiya awujud *mental*?, 2) Kepriye tumindak degsiya *fisik*?, 3) Kepriye tumindak degsiya awujud *seksual*?, 4) Kepriye sikap paraga?, lan 5) Apa kang nyebabake tumindak degsiya sajrone Novel Kepanggih Wirang. Saka punjere panliten, nuwuhake tujuwane panliten yaiku: 1) Ngandharake tumindak degsiya awujud *mental*, 2) Ngandharake tumindak degsiya awujud *fisik*, 3) Ngandharake tumindak degsiya awujud *seksual*, 4) Ngandharake sikap paraga sajrone, lan 5) Ngandharake panyebab tumindak degsiya sajrone Novel Kepanggih Wirang. Dene paedahe panliten iki menahi sumbangan kanggo: 1) kajian sastra, 2) pamaca, lan 3) pasinaon siswa.

Panliten iki nggunakake tintingan Sosiologi Sastra kang mujudake panliten *kualitatif deskriptif*. Metode *deskriptif* digunakake kanggo ngrembug uga ngandharake tumindake degsiya. Sumber dhata sajrone panliten iki ana loro yaiku sumber dhata primer lan sumber dhata sekunder. Sumber dhata primer arupa novel Kepanggih Wirang anggitane Tiwiek SA lan dhata sekunder arupa buku-buku, refrensi artikel, laporan panliten kang relevan karo undherane panliten. Dhata kang dianalisis arupa ukara-ukara kang nggambarake anane tumindak degsiya sajrone novel Kepanggih Wirang anggitane Tiwiek SA. Dhata-dhata kasebut dikumpulake kanthi nggunakake teknik maca, pilih lan catet. Analisis dhata kang digunakake yaiku teknik analisis deskriptif kang njlentrehake kanyatan-kanyatan. Tata cara panyuguhe asile panliten sajrone panliten iki yaiku analisis informal, tegese analisis dhata kang nggunakake tembung-tembung salumrahe.

Asil panliten yaiku ngandharake lima prakara, yaiku: 1) tumindak degsiya awujud *mental*, 2) tumindak degsiya awujud *fisik*, 3) tumindak degsiya awujud *seksual* 4) sikap paraga lan 5) panyebab tumindak degsiya sajrone novel Kepanggih Wirang anggitane Tiwiek SA. Tumindak degsiya awujud fisik, mental, seksual digambarake kanthi wujud watake paraga siji lan sijine. Sikape paraga awujud rasa pengin balas dhendham, pingin gawe wirange uga sedhihe Wirastri, lan panyebab tuwuhe tumindak degsiya yaiku paraga utama duwe dhendham marang paraga liyane.

Tembung wigati: Tumindak degsiya, Sikap, Sosiologi Sastra

PURWAKA

LELANDHESAN PANLITEN

Sastra tansah sesambungan karo panguripan bebrayan. Mula saka iku, kasusastran sing tuwuh biyasane ngrembug prekara-prekara panguripan. Apa sing ana ing bebrayan didadekake bahan panulisan kasusastran. Mula saka iku kasusastran bisa dadi kaca benggala dening sapa wae kang maca. Kaya kang diandharake dening Welék lan Werren

(1995:119) yen sastra minangka gegambaran lan *ekspresi* panguripan, nadyan ora kabeh. Mula sastra anggone ngandharake panguripan ora adoh saka prekarane manungsa. Semono uga ing jagade sastra Jawa.

Sastra Jawa miturut pangrembakane dumadi saka sastra Jawa kuna, tengahan lan sastra Jawa anyar, dene sastra Jawa anyar isih kaperang dadi sastra Jawa klasik lan sastra Jawa gagrag anyar (Suwarni, 2013:1). Sastra Jawa gagrag anyar diperang dadi loro, yaiku sastra Jawa modern

sadurunge kamardikan lan sastra Jawa modern sawise kamardikan. Wujud sastra Jawa modern sadurunge kamardikan bisa diperang dadi loro yaiku sajrone penerbitan Balai Pustaka lan penerbitan partikelir. Semono uga sastra Jawa sawise kamardikan, antarane partikelir lan panerbitan Balai Pustaka ana jurang pamisah. Babagan kasebut ngenani sastra Jawa modern sadurunge kamardikan mligine tema lan cara njlentrehake (Hutomo,1975:23). Sawise kamardikan, sastra Jawa wiwit kenal *genre-genre* saka manca kayata novel, cerita cekak, *sajak bebas* lan lakon panggung modern. Sastra Jawa ing wektu sing padha uga tetep kasil ngopeni wujud-wujud lan tema tradhisional sing diwarisake saka jaman sadurunge (Rass,1985:30).

Salah sijine *genre* sastra Jawa kang misuwur nganti saiki yaiku novel. Novel mujudake salah sawijine kasusastran kang awujud fiksi prosa sing ditulis kanthi cara naratif utawa awujud carita, dene panulis novel diarani novelis. Novel asale saka basa Italia novella sing tegese salah sawijine kedadeyan utawa warta kang sumebar ing masyarakat (Nurgiyantoro,2010:9). Novel yaiku sastra kang asipat bebas lan nyuguhake samubarang kang luwih akeh, luwih rinci, lan ngemot maneka warna prakara kang luwih kompleks. Kaluwihan saka novel yaiku andharan prakara kang diandharake kanthi kompleks lan wutuh. Novel cundhuk karo realitas kang luwih dhuwur lan psikologi kang luwih jero (Nurgiyantoro,2007:11). Panemu liyane ngandharake yen novel bisa mujudake crita kanthi dawa ngenani panguripan manungsa (Najid, 2002:22). Mula bisa didudut yen novel yaiku karya sastra fiksi awujud prosa kang ditulis kanthi naratif.

Saben pangripta nduweni titikan dhewe-dhewe anggone ngripta kasusastran. Titikan kasebut dipangaribawani dening kanyatan-kanyatan sosial. Titikan iku uga ndadekake kasusastran sing diripta beda antarane pangripta siji lan sijine. Saliyane dipangaribawani dening kanyatan sosial, kasusastran sing diripta uga dipangaribawani dening imajinasine pangripta. Imajinasi iku mau bisa tuwuh amarga pangripta dhewe lan uga bisa saka wong liya.

Tiwiek SA yaiku pengarang kasusastran Jawa. Pengarang iki aktif ngripta reriptan sastra wiwit taun 1972 nganggo basa Jawa lan basa Indonesia. Tiwiek SA iku mujudake jeneng singlon. Jeneng asline Tiwiek SA yaiku Suwigno Adi. Panjenengane miyos ing desa Sukorejokulon, Kecamatan Kalidawir, Kabupaten Tulungagung, 8 Juni 1948. Panjenengane, uga tetep aktif ing Sanggar Sastra Triwida, jejer minangka sesepuh. Sanggar Sastra Triwida mujudake pakumpulan pengarang sastra Jawa saka telung kabupaten, yaiku Tulungagung, Trenggalek, lan Blitar.

Novel *Kepanggang Wirang* iki nyritakake ngenani paraga kang jenenge Wirastri lan Joko Kismanto minangka wong kang nduweni sesambungan ing bale wisma. Novel iki nyuguhake sisik melike urip sajrone wong omah-omahan. Wirastri minangka paraga utama wanita kang nduweni sipat alus, sabar, setya bekti marang sisihane, kawigaten lan lelabuhane mung mligi kanggo sisihane yaiku Joni Kismanto. Wirastri lan Joni Kismantoro nduweni anak loro yaiku Pujilestari lan Dewi Saksono. Wirastri sing mbiyene nduweni sipat alus, sabar, setya bekti marang sisihane, nanging saiki dadi wanita tegas, nduweni ilmu bela diri amarga Wirastri kewirangan merga Joni Kismantoro. Wirastri diusir saka omahe jalaran dipitnah karo Joni amarga turu karo Pradopo minangka utusane Joni Kismantoro. Tumindake Joni Kismantoro ngono kuwi ndadekake Wirastri nglakoni tumindak degsiya amarga nyandang wirang kang dadi pikiran saben dinane kang njalari Wirastri nglakoni tumindak ora becik, dheweke kerep nyampluk, njotos, lan ngajar sisihane.

Tumindak degsiya sajrone novel *Kepanggang Wirang*, salah sawijine bisa dideleng saka tumindake paraga Wirastri sing ndadekake Joni Kismantoro ilang kejantanane, rambute Joni dijambak dening Wirastri dibateg mengarep ditampani dhengkul lancip banjur getih waras kemucur saka irung. Joni sing tanpa daya kuwi isih dititir anteman maut langsung ambruk ing jobin. Wirastri durung marem atine. Wirastri teka ing omahe marune, ing kono Wirastri ngajar Suminingrum nganti ndadekake lambene ndower.

Tumindak degsiya utawa ing basa latin 'Violence' (daya. kakuwatan) lan 'Latus' (kang asale saka basa *ferre*, kang nduweni teges nggawa kekuwatan. Miturut Poerwadarminta, tumindak degsiya nduweni teges sipat pameksa utawa tekanan kang *keras*. Tumindak degsiya ing bale wisma saperangan prastawa ora kabeh bisa dirampungi. Tumindak degsiya mujudake tumindak kang kurang becik yen kawawas saka pandulune wong awam. Bab iku sing njalari tumindak degsiya ing bale wisma.

Tumindak degsiya ing bale wisma dhewe kalebu ing perkara sosial ing masyarakat. Bab kuwi cundhuk karo aspek-aspek sosiologi kang nyinaoni panguripan ing bebrayan. Saka andharan mau, novel *Kepanggang Wirang* bisa dianalisis nganggo teori Sosiologi Sastra. Miturut Sunarto (2011:18) sosiologi sastra yaiku ilmu kang nyinaoni bab panguripan masyarakat kang asipat *kritis*, *skeptif* lan *sistematis*. Ilmu kasebut nлити struktur manungsa ing donya sosial. Saka andharan mau, bakal ditindakake Panliten kanthi irah-irahan "Tumindak degsiya Ing Bale Wisma Sajrone Novel *Kepanggang Wirang* Anggitane Tiwiek SA" kanthi titingan Sosiologi Sastra, yaiku kanggo ngandharake tumindak degsiya ing Bale Wisma.

UNDERANE PANLITEN

Adhedhasar underan panliten ing ndhuwur bisa ditemokake tujuwan panliten kaya ing ngisor iki:

- 1) Kepriye tumindak degsiya awujud *mental* sajrone novel Kepanggang Wirang?
- 2) Kepriye tumindak degsiya awujud *fisik* sajrone novel Kepanggang Wirang?
- 3) Kepriye tumindak degsiya awujud *seksual* sajrone novel Kepanggang Wirang?
- 4) Kepriye sikap paraga sajrone novel Kepanggang Wirang?
- 5) Apa wae kang nyebabake tumindak degsiya sajrone novel Kepanggang Wirang?

TUJUWAN PANLITEN

Adhedhasar underan panliten ing ndhuwue bisa ditemokake tujuwan panliten kaya ing ngisor iki:

- 1) Ngandharake tumindak degsiya awujud *mental* sajrone novel Kepanggang Wirang.
- 2) Ngandharake tumindak degsiya awujud *fisik* sajrone novel Kepanggang Wirang.
- 3) Ngandharake tumindak degsiya awujud *seksual* sajrone novel Kepanggang Wirang.
- 4) Ngandharake sikap paraga sajrone novel Kepanggang Wirang.
- 5) Ngandharake panyebab kekerasan sajrone novel Kepanggang Wirang.

PAEDAHE PANLITEN

Asile panliten iki awujud andharan lan jlentrehan ngenani tumindak degsiya ing bale wisma sajrone novel Kepanggang Wirang anggitan Tiwiek SA. Saka asil panliten iku bisa menahi paedah teoretis lan praktis.

1) Paedah Teoretis

Panliten iki diajab bisa ngrembakakake ilmu sastra Jawa mligine sosiologi sastra sing wis ana sadurunge. Saliyane iku uga bisa nambahi kawruh lan pamawas ngenani analisis karya sastra, supaya ngerteni menawa kritik teks tumrap sastra bisa disinaoni kanthi nggunakake titingan sosiologi sastra.

2) Paedah Praktis

Asil panliten iki nduweni paedah praktis yaiku bisa dadi salah sijine materi kanggo nyinaoni sastra mligine bidhang sosiologi sastra. Bisa migunani kanggo mahasiswa kang nduweni pepenginan arep nindakake panliten sastra, mligine bidhang sosiologi sastra. Saliyane iku, panliten iki bisa didadekake minangka bandhingan, referensi, utawa rujukan kanggo nulis panliten-panliten sastra liyane, mligine bidhang sosiologi sastra.

WEWATESANE PANLITEN

Panliten iki perlu ana wewatesane supaya andharan lan jlentrehane dhata panliten iki ora nyimpang saka underane panliten sing wis ditemokake sadurunge. Dene watesane panliten iki ana telu, yaiku:

- 1) panliten iki ngandharake lan njlentrehake tumindak degsiya ing bale wisma sajrone novel Kepanggang Wirang anggitan Tiwiek SA.
- 2) Dhata ing panliten iki awujud ukara, guneman, lan katrangan kang ngemu surasa tindak degsiya sajrone bale wisma.
- 3) lan dhata sing wis nglumpuk dijlentrehake nggunakake teori sosiologi sastra.

PANJLENTREHE TETEMBUKUNGAN

Supaya ora ana salah pangerten lan supaya kabeh pihak nduweni konsep kang padha ngenani istilah kang digunakake ing sajrone panliten iki, ing ngisor iki bakal dijlentrehake istilah-istilah kang ana gegayutane karo irah-irahan yaiku:

- 1) Sosiologi Sastra yaiku salah sijine cabang panliten sastra sing digunakake kanggo mangerteni sastra minangka kacabenggalane masyarakat (Faruk,2012:1)
- 2) Kasustran Jawa yaiku periode karya sastra ana telu sastra Jawa Kuna, sastra Jawa Pertengahan, lan sastra Jawa Modern. (Suwarni,2013:1)
- 3) Masyarakat Jawa minangka saklompok kolektif manungsa kang manggon ing Pulo Jawa lan nggunakake basa Jawa, nduweni aturan kanggo ngatur manungsa sajrone kolektif kasebut, ana wektu kang gilir gumanti, lan rasa identitas kang kuwat.
- 4) Unsur Intrinsik Sastra yaiku unsur kang mujudake sastra kang mangun sawijine crita. (Nurgiyantoro,2007:3)
- 5) Tumindak degsiya (kekerasan) yaiku tumindak ala (kekerasan) sing ditindakake dening salah sijine pawongan kalebu *agresivitas* sing ditindakake pawongan kasebut dhewe, bisa sacaa dumadakan (spontan) utawa direncanakake (disengaja, lan tumindak durjana sing ditindakake karo wong liya (Abdul Munir Mulkan).

METHODHE PANLITEN

Ancangan panliten mujudake salah sawijine trap-trapan sadurunge panliten kalaksanaan, amarga ancangan mujudake panuduh sing bisa menahi ancer-ancer ngenani panliten sing bakal ditindakake. Panliten iki kalebu panliten *kualitatif deskriptif*. Miturut Endraswara(2011:18) panliten *kualitatif* yaiku panliten kang ora ngutamakake angka nanging luwih ngenani intrinsik klawan kosep sing dikaji kanthi empiris. Panliten iki kalebu panliten *kualitatif* amarga panliten iki nintingi sawijine kedadayan utawa lakon sajrone karya sastra.

Dene pamerekan Novel *Kepanggang Wirang* kanthi titingan sosiologi sastra. Miturut Aminudin (2010:15) metode panliten kualitatif nduweni sifat *deskriptif*, tegese dhata kang dititingi lan asil titingane

awujud fenomena, ora awujud angka-angka utawa koefisien kang gegayutan karo variabel.

Novel *Kepanggang Wirang* anggitane Tiwiek SA bakal ditindingi sosiologi sastra. Panliten iki bakal nggunakake metodhe *deskriptif kualitatif* kanggo nitingi novel *Kepanggang Wirang* kasebut. Panliten *kualitatif deskriptif* digunakake amarga bisa menahi gambaran sing gamblang lan objektif ngenani tumindak degsiya sajrone novel *Kepanggang Wirang*.

SUMBER DHATA

Novel *Kepanggang Wirang* anggitane Tiwiek SA kang diterbitke dening penerbit Azzagrafika, Jalan Seturan 2 No.128 Caturtunggal, Depok, Sleman Yogyakarta. Ukuran dawane 21 cm, ambane 14,5 cm, kandele 172 kaca. Wujud saka novel iki nduweni sampul warna ungu sing ana semu abange lan ana gambar wanita lan priya. Carita iki sadurunge wis tau kapacak kanthi carita sambung ing kilawarti Jaya Baya No.28/ Maret/ 1995. No.52/Agustus/1995 kanthi irah-irahan *Ing Samubarang Warana*.

DHATA

Dhata wujud objek sing bakal dikaji lan dianalisis sajrone panliten iki. Dhata sing digunakake panliten iki kaperang dadi loro yaiku dhata primer lan dhata sekunder. Dhata primer yaiku arupa dialog antarane paraga, tembung, ukara, pada, lan liya-liyane sing ana sesambungane karo undherane panliten, sesambungane karo tumindak degsiya sing nyengkuyung carita panguripana bale wisma sajrone novel *Kepanggang Wirang*. Banjur uga nggunakake dhata sekunder kang arupa konsep-konsep perspektif kang bakal dianalisis.

INSTRUMEN PANLITEN

Instrumen ing panliten iki kaperang dadi loro, yaiku instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Instrumen utama kang digunakake sajrone panliten iki yaiku panliti dhewe. Panliti dadi instrumen utama amarga panliti sing golek dhata, nganalisis dhata, lan nulis panliten iki. Miturut Hasan (1990:15) ana salah sawijine kaluwihan sing bisa diasilake saka panliten sing nggunakake manungsa minangka instrumen sajrone nindakake panliten kaluwihan yaiku *responsif, adaptif* manungsa minangka piranti saka sing bisa ngerteni sakabehe konteks, bisa dijlentrehake kanthi cara langsung, bisa nindakake ngolah lan nganalisis dhata kanthi cepet. Dene instrumen panyengkuyunge yaiku piranti kanggo nyathet, motret, ngetig, lan sawenehe piranti liya sing ana gandheng cenenge karo piranti kasebut.

TATA CARA PANLITEN

Subbab tata carane panliten iki diprinci dadi telu, yaiku (1) carane nglumpukake dhata, (2) carane njlentrehake dhata, lan (3) carane nyuguhake asil jlentrehane dhata. Tata cara kasebut laras karo tata cara sing digambarake Nadar (2009:108). Luwih jangkepe mangkene.

TATA CARA NGLUMPUKAKE DHATA

Tata cara sajrone nglumpukake dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku kanthi cara nggunakake teknik kapustakan. Teknik kapustakan yaiku teknik nglumpukake dhata kang nggunakake sumber dhata kapustakaan lan cara nglumpukake dhata-dhata kang dijupuk saka pustaka kanthi nggunakake sistem sandhi utawa tandha. Kanthi cara wenehi tandha ing ukara sing gegayutan karo panliten. Tandha kasebut bisa digarisi utawa dicathet. Sunarto (2001:28) ngandharake manawa panliten sastra kang dadi sumber pustaka yaiku sumber kang awujud dhokumen (film, video, lan informasi kang diolehi liwat internet, jurnal, buku-buku, kalawarti ilmiah, lan publikasi kang wis didokumentasiake).

Tata cara sing digunakake kanggo nglumpukake dhata dening Endraswara (2008:162-163) ing panliten iki diperang dadi telu yaiku:

a. Nemtokake Unit Analisis

Sadurunge ngudhal isi crita ssajrone novel *Kepanggang Wirang*, luwih dhisik nemtokake bab kang onjo kasebut babagan tumindak degsiya, panliten iki nemtokake lima perkara kang paling wigati, sepisan perkara tumindak degsiya awujud *mental*, tumindak degsiya awujud *fisik*, tumindak degsiya awujud *seksual* kang nyengkuyung perkara sipate paraga, lan uga panyebab tumindak degsiya sajrone novel *Kepanggang Wirang*.

b. Nemtokake Dhata

Sawise nemtokake unit analisis, banjur maca novel kasebut kanthi mempeng. Sawise iku ngudal novel kanthi watesan perkara-perkara kang wis ditemtokake sadurunge.

c. Nyathet Dhata

Panliten sastra mligine sastra tulis, dhata sing arep ditliti arupa dhata-dhata lan perlu anane cathetan-cathetan. Sajrone nyathet dhata, ana saperangan pituduh sing kudu digatekake yaiku: (a) latiyen lan persiyapan kang bener saengga bisa nyatet kanthi bener, (b) nyatet bab-bab kang nuduhake pesen lan makna simbolik, (c) nyatet tetembungan kang ora dimengerteni.

Adhedhasar tata cara iku mau, carane nglumpukake data panliten iki ana saperangan *tahap*, yaiku: kapisan, nduweni novel *Kepanggang Wirang* reriptane Tiwiek SA. Kapindo, maca bola-bali novel mau lan mangerteni isine crita. Katelu, nengeri tetembungan

kang dianggep minangka tembung kunci utawa bisa diarani nggunakake sistem tandha.

TATA CARA NJLENTREHAKE DHATA

Tata carane njlentrehake dhata nggunakake teknik analisis deskriptif kaya sing diandharake dening Surachmad (1985:139) analisis deskriptif yaiku analisis kang digunakake kanggo nafsirake lan nggambarake dhata kang ana kanthi cocog karo perkara-perkara kang diaturake. Metodhe analisis deskriptif mujudake gabungan saka metodhe analisis lan metodhe deskriptif. Cara kerjane yaiku njlentrehake kenyataan-kenyataan utawa dhata sing digunakake banjur dijlentrehake luwih rowa, utawa menehi gambaran saka dhata sing wis dijentrehake. Kejaba kuwi prinsip-prinsip struktural uga ora bisa dilirwakake sajrone ngolah dhata sajrone panliten iki, amarga sajrone nganalisis unsur pamangun struktur carita fiksi kudu nggunakake prinsip struktural. Prinsip-prinsip struktur uga digunakake sajrone nganalisis dhata panliten iki kanggo meruhi struktur sing mangun crita.

Teknik analisis kasebut ditindakake kanthi cara nintingi prakara-prakara kang kinandhut ing novel kasebut titingan sosiologi sastra. Titingan sosiologi sastra digunakake minangka lelandhesan nindakake analisis dhata sajrone panliten. Tata cara analisis dhata panliten kaya ing ngisor iki:

- 1) Nglumpukake dhata kanthi menehi tandha (garis ngisor) ing saben perangan kang wigati sajrone novel *Kepanggal Wirang*. Wujud perangan kang diwenehi tandha kuwi milih saperangan kutipan ukara, paragraf lan tetembungan kang ana ing novel *Kepanggal Wirang*.
- 2) Identifikasi dhata. Teknik iki digunakake kanggo nemtokake identifikasi ukara utawa paragraf sajrone crita ing novel *Kepanggal Wirang*.
- 3) Klasifikasi dhata. Kanggo milih lan milih dhata kang dibutuhake supaya gampang anggane nggolongake dhata kang laras karo undheran panliten. Dene dhata-dhata kang ora cundhuk karo undherane panliten panliten bakal dipisah lan ora perlu digunakake. Dhata-dhata kang laras yaiku dhata kang ana gegayutane karo perkara tumindak degsiya.

TATA CARA NYUGUHAKE ASIL JLENTREHANE DHATA

Tata cara nyuguhake asile panliten ditindakake sawise dijlentrehake dhata tumrap novel *Kepanggal Wirang*. Bab iki ditindakake supaya panliten katulis kanthi runtut lan ngasilake panliten kang bisa ditanggungjawabake. Tata cara panyuguhane asil panliten sajrone panliten iki yaiku analisis informal, yaiku analisis dhata kang nggunakake tembung-tembung. Andharan

mau awujud deskriptif ngenani undherane panliten. Asil analisis dhata iki disuguhake kanthi klasifikasi lan menehi tetenger tumrap dhata kang nggunakake tembung-tembung kang gumathok karo jenis perkara sajrone panliten. Panliten iki kanthi sistematika kasusun saka limang bab yaiku:

BAB I: Ngenani pambuka kang isine ngandharake lelandhesan panliten, underane panliten, tujuwan panliten, paedha panliten, lan wewatesan istilah.

BAB II: Ngenani titingan kapustakaan kang isine ngandharake panliten sadurunge kang saemper, masyarakat jawa, kasusastran jawa, tumindak degsiya, problem kaluwarga, prinsip-prinsip struktural sajrone reiptan sastra, paraga lan pamaragan, teknik panggambaraning paraga, novel, sosiologi, sosiologi keluarga, sosiologi sastra, lan lelandhesane analisis panliten iki.

BAB III: Ngenani metodhe panliten kang isine ngandharake babagan ancangan panliten, sumber dhata lan dhata, instrumen panliten, tata cara nglumpukake dhata, teknik nganalisis dhata, lan tata cara panyuguhane asile panliten.

BAB IV: Ngenani asil andharan lan jlentrehane dhata sajrone panliten. Dene panliten iki ngandharake lan njlentrehake tumindak degsiya sajrone novel *Kepanggal Wirang* anggitan Tiwiek SA.

BAB V: Ngenani panutup kang isine ngandharake ngenani dudutane asil panliten lan uga pamrayoga.

ANDHARAN LAN JLENTREHAN DHATA TUMINDAK DEGSIYA AWUJUD MENTAL SAJRONE NOVEL KEPANGGANG WIRANG ANGGITANE TIWIEK SA.

Degsiya minangka salah sawijine sipat kang ala lan ora bisa didadekake tuladha. Tumindak kasebut dumadi ana ning sawenehing papan, kaya ta ing kulawarga, papan makarya, sekolah, lan papan umum. Tumindak kasebut bisa ngrugekake awake dhewe uga liyan. Mula menawa ana pawongan kang wani tumindak degsiya pungkasane bakal antuk walesan kang ala uga. Tumindak ala kasebut bisa dilakoni dening sapa wae, mula kita minangka manungsa kudu ngati-ati menawa arep nglakokake

sawijine tumindak. Aja nganti nyidrani wong liya supaya ora dicidrani dening wong liya.

Tumindak cidra awujud degsiya kasebut bisa dirasakake utawa dilakoni dening paraga lanang utawa wadon. Tumindak ala kasebut kaperang dadi telung macem, ing antarane yaiku fisik, seksual, lan mental. Tumindak degsiya wujud *mental* minangka tumindak cidra kang katuduhake kanthi ora nggunakake fisik utawa nyidrani nganti tuwuhe catu ing perangan awak. Tuladhane yaiku nggunakake tembung-tembung ala kang bisa nglarani atine liyan, kaya ta nganggo tembung kang ora trep dianggo utawa kasar, nganggo swara banter utawa nyentak, lan sapanunggal.

Sajrone novel anggitane Tiwiek SA iki uga ngandhut tumindak degsiya. Kaya kang dirasakake dening paraga Wirastri. Dheweke dicidrani dening garwane kanthi nggunakake tembung ala. Tumindake Joni kasebut bisa diarani degsiya awujud *mental*. Masiya dicidrani kaya ngapa dheweke tetep sabar. Ana ing kedadeya iki Wirastri bisa diarani minangka kurban. Kabukten saka tumindake bojone kang ora digatekake dening Wirastri. Dheweke tetep sabar masiya dicidrani kaya apa. Tumindake Wirastri kang sabar ngadhepi bojone kasebut bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki.

"....., Biyasane Wiastri mbantu masang dhasi, nalekake tali sepatu. Ning sepisan iki sajake Joni ora butuh bantuwane sisihane. Nalika Wirastri kumlawe arep masang dhasi, tangane ditampel.

" Wis ben dakpasange dhewe. Luwung kancanana sarapan cah-cah kae," ujure Joni tanpa wirama. Wirastri ngendhelong. (Tiwiek, 2016:31)

" Panjenengan ora sarapan sisan?"

Cuplikan ing dhuwur nuduhake yen Wirastri iku bojo sing apik. Sabendina Joni Kismanto dipasangake dhasine lan nalikake tali sepatune Joni Kismanto. Nanging dina iku mau Joni Kismanto nolak, ora butuh bantuan sisihane yaiku Wirastri. Nalika Wirastri kumlawe arep masangake dhasi tangane Wirastri ditampel karo Joni Kismanto. Joni arep masang dhasi dhewe ora gelem dipasangake Wirastri dhasi. Kandhane Joni iku aluwung Wirastri ngancani anak-anake sarapan ketimbang masangake dhasine. Wirastri ngendhelong. Ewosemono Wirastrai isih nyoba ngakrabi ngajak Joni sarapan bareng anak-anake, nanging Joni Kismanto ora gelem sarapan ning omah. Joni Kismanto milih sarapan ning kantor.

TUMINDAK DEGSIYA AWUJUD FISIK SAJRONE NOVEL KAPANGGANG WIRANG ANGGITANE TIWIEK SA

Tumindak degsiya awujud awujud fisik minangka salah sawijine tumindak kang nyata kang bisa dideleng lan dirasakake awak kang diduweni paraga kang ana sajrone novel *Kepanggang Wirang*. Wujud Wirastri nyandhak rambute Joni lan dibateg mengarep nganti ditampeni dhengkul lancip bisa dideleng ing ngisor iki.

Ceg, rambute Joni dicandhak. Nuli dibateg mengarep ditampeni dhengkul lancip. Dhes...! Getih waras kumucur saka irung. Whela, jebul durung marem. Joni sing wis tanpa daya kuwi isih ditiir anteman maut. Nganti lempe-lempe. Nganti thele-thele. Lan nalika diculake, langsung ambruk ning jobin. Lemah-lemah ora kuwat ngglawat. (Tiwiek, 2016:2)

Cuplikan iku nuduhake kepriye Wirastri males wirang marang Joni Kismanto kanthi ora menehi kalodhangan. Rambute Joni dibateg mengarep ditampeni karo dhengkule Wirastri sing lancip. Getih waras kumucur saka irunge Joni. Wirastri durung marem atine yen durung gawe musuhe iku ilang kejantanane. Joni sing tanpa daya ditiir Wirastri antaman maut kanthi Joni lempe-lempe ambruk ning nisor jobin. Lemah-lemah ora kuwat tangi wis semono Wirastri durung marem atine wis gawe Joni kumucur gethine lan gawe Joni ora bisa tangi mane. Wirastri ngejohake tungkake keprenah lakange Joni kanthi Joni njerit banter. Wirastri mesem ngerti kahanane Joni nanging meseme ora ketara amarga ketutupan krudunge Wirastri. Sedhela Wirastri nyawang Joni Kismanto sing wis ora obah mane.

ADU KAROSAN

Ing novel *Kepanggang Wirang*, tumindak degsiya awujud fisik minangka krudung ireng utawa paraga Wirastri males wirang marang mantan bojone Joni Kismanto. Wirastri nantang adu karosan ora nantang adu kaculikan kaya Joni Kismanto. Dheweke nantang adu karosan amarga weruh yen gawe rekayasa dheweke karo Pradopo yaiku mantan bojone Joni Kismanto. Wirastri ora menehi Joni Kismanto kalodhangan. Bab iku bisa dideleng ing pethikan ing ngisor iki.

"....., Ceg, rambute Joni dicandhak. Nuli dibateg mengarep ditampandhengkul lancip. Dhes...! Getih waras kumucur saka irung. Whela, jebul durung marem. Joni sing wis tanpa daya kuwih isih ditiir

anteman maut. Nganti lempe-lempe. Nganti thele-thele, lan nalika diculake, langsung ambruk ing jobin. Lemah-lemah ora kuwat ngglawat. Ewa samono si wadon krudung ireng meksa durung marem. Sajak ngluwari kasumate, si krudung ireng nggejohake tungkake kapranah lakange Joni. Sarosane! Jluh! Kanton Joni njerit. (Tiwiek, 2016:2)

"Si krudhung ireng mesem. mesthi wae eseme ora ketara wong ketutupan krudhunge. Sedhela nyawang mungsuhe sing wis ora obah. Nuli jumangkah nyedhaki lawang. Lwang dibukak, si krudung ireng metu. Ing ruwang sekretaris mandheng sedela. Nyawang Erni sekretaris ayu kang ketlikung. Mesakake, kenya ayu dibanda neng kursine. Tutuke disumpeli taplak meja. (Tiwiek, 2016:2)

Pethikan iku nuduhake tumindak degsiya Wirastru kanthi nantang adu karosan marang Joni Kismanto. Joni Kismanto digawe ajur mumur karo Wirastru. Joni Kismanto digawe Wirastru nganti ilang dayane. Wirastru isih titir anteman maut, nganti Joni Kismanto lempe-lempe, lemah-lemah ora kuwat ngglawat awake. Wirastru ngerti kahanane Joni Kismanto kaya ngono, Wirastru durung marem atine. Sajake wis ngluwari kasumate. Dheweke nggejohake tungkake neng lakange Joni Kismanto nganti jerit. Wirastru lega lan mesem ngerti kahanane Joni Kismanto. Sedhela nyawang mungsuhe sing wis ora obah. Wirastru jumangkah nyedhaki lawang arep metu. Wirastru nyawang sekretaris Joni Kismanto yaiku Erni sekretaris sing ayu kuwi dibanda neng kursine. Tutuke disumpeli taplak meja. Wirastru bisike kupinge Erni njaluk pangapura yen saiki tugase wis rampung.

UNTIR LAMBE

Novel *Kepanggang Wirang*. Tumindak degsiya bisa kagambarake awujud fisik minangka paraga Suminingrum diuntir lambene karo Wirastru. Suminingrum si wadon pawakan semog iki ora ngerti panyebabe Wirastru untir lambene. Wirastru getem-getem marang Suminingrum, wis ngerti yen Joni Kismanto duwe bojo lan anak. Suminingrum kok gelem dirabi. Mula saka iku Wirastru nyandang kasumat marang Suminingrum nganti neng njero ati getem-getem. Wayah awan kuwi Wirastru menyat teka hotel Kilisuci neng omahe Joni Kismanto jalan Daha. Suminingrum kaget amarga neng omahe kuwi ana pawongan sing nganggo krudung ireng lan klambi ireng, raine Wirastru ditutupi

kaya ninja sing neng film-film. Bab kasebut bisa dideleng ing pethikan ing ngisor iki.

"Hah?! Sapa Kowe?! Apa perlumu mlebu omahku?!" panjelihe wanita semog kuwi kanthi swara kedher sarta awake gemeter. Tanpa angka-angka nyandhak rambute si semog kang dipotong *pokping*, nuli disendhal mengarep banjur didhangakake. (Tiwiek, 2016:6)

"Ceg, wanita krudung ireng nyandhak lambene wadon semog sisih ngisor. Njur diuntir sarosane karo dibethot ngeget. Lambe tipis iku sakala dawir. Getih abang ndrobos mili. Bubar kuwi dijongkrokake. Si wadon pawakan semog kuwi tiba kabanting natap tangan sofa. Banjur golung-koming sesambat ngaruara. (Tiwiek, 2016:6)

Pethikan mau nuduhake kekerasan Wirastru marang Suminingrum. Suminingrum kaget krungu swara sinis saka lesane si wanita krudung ireng, nganti swara kedher sarta awake gemeter kaya weruh setan neng wayah awan, Suminingrum njenggir, bukune diguwang banjur njenggelek ngeget. Wirastru mak plencing ujug-ujug wis ngadeg neng ngarepe Suminingrum. Wirastru ndeleng Suminingrum pancen ayu tenan nganti dirrewangi Joni gawe paekane Wirastru supaya bisa pegatan. Sumningrum ora bisa nyawara, sidane mung manut wae siraha dioglek-glek. Wirastru mbisiki Suminingrum ora ngolehi gemuyu dhisik, wiwit dina iki rupa ayune bakal ilang. Aja maneh Joni Kismanto, umpama diguwang neng larahan ngono wae kere budhugen ora mungkin doyan karo Suminingrum. Ora mung kuwi wae, Wirastru tanpa angka-angka langsung nyandhak lambene Suminingrum sisih nisor. Njur diuntir sak kuwat tangane Wirastru dibethot mensor nganti ngeget. Lambe tipis iku nganti dawir. Getih abang waras ndrodos mili. Wirastru durung marem atine. Suminingrum dijongkrokake nganti tiba kebanting natap tangan *sofa*. Banjur Suminingrum galung koming. Sesambat ngaru-ara. Eman Suminingrum ora ana sing nulung amarga omahe manggon neng njero rada adoh karo ratan. Dadi sesambate Suminingrum ora nganti keprungu saka njaba, jalan Daha kuwi mung kendaraan wae sing rame, ora ana sing kober ngrungokake. Paling-paling dikira swara radhio swasta. Wirastru krasa marem, babar pisan ora duwe welas nyawang Suminingrum sing golung koming.

TUMINDAK DEGSIYA AWUJUD SEKSUAL SAJRONE NOVEL KEPANGGANG WIRANG ANGGITANE TIWIEK SA

Tumindak degsiya wujud seksual yaiku tumindak degsiya kang tuwuh amarga prekara seksualitas. Kaya dene Wirastri gawe Pradopo lan Joni Kismanto ilang kejantanane bisa dideleng ing cuplikan ngisor iki.

"Rasakna Prad! Iki piwalesku! Piwaleske wadon kang kelara-lara jiwane merga pokale lanang bejat ya dhapurmu kuwi!" Wirastri mencolot menyang ranjang. Tangane kiwa rekane arep ngrayah barange pradopo. Ning Pradopo kang maune tanpa daya kaya entuk kekuwatan anyar. Kanthi reflek banjur nggiwar, malah banjue mepet ranjang. Tangane loro pisan nekem lakang. Raine pucet, awake gemeter. (Tiwiek, 2016:100)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake yen Wirastri males dhendhame marang Pradopo sing wis gawe Wirastri dipegat mantan bojone. Wirastri gawe Pradopo ilang lanange salawase. Wirastri mencolot menyang ranjang lan tangane rekane arep ngrayah barange Pradopo nanging Wirastri kangelan amarga Pradopo mepet ranjang lan tangane loro nekem lakange. Pradopo keweden nganti raine pucet lan tangane gemeter. Sapisan mane Wirastri ngantemake dhengkule pas kecer atine Pradopo. Swara "heg" keprungu cetha Pradopo sakala lemes kelangan daya.

SIKAPE PARAGA SAJRONE NOVEL KEPANGGANG WIRANG ANGGITANE TIWIEK SA

BALES DHENDHAM

Rasa pingin balas dhendham yaiku muntabe rasa kanggo males sikape Pradopo tumrap Wirastri amarga Wirastri wis digawe wirang karo Pradopo kayata cuplikan ing ngisor iki.

".... Rampung adus lan shalat Asyar enggal tata-tata. Ubarampe kanggo nglancarake sedayane dicawis-cawisake. Ana tampar, ganthol mata telu, peso cilik-cilik sawetara akehe sarta krudhung warna ireng. Barang-barang kasebut diwadahi tas plastik putih mawa tulisan toko Matahari. Bubar kuwi genti penganggo. Nganggo clana ketat rupa ireng sarta kaos lengen dawa sing uga warna ireng. Rambute sing ngrembyak sabahu dikuncrit ditaleni kacu. Pungkasan nyaut sepatu kets dienggo ing dlamakane kang cilik." (Tiwiek, 2016:92)

Sawise Wirastri adus lan rampung shalat Asyar enggal tata-tata. Wirastri enggal nyiapake ubarampe kanggo nglancarake males wirang marang Pradopo. Barang-barang kabeh wis mlebu tas plastik putih sing tulisane toko Matahari ana tampar, ganthol mata telu, peso cilik-cilik sawetara akehe sarta krudhung warna ireng. Bubar Ubarampe siap Wirastri ganti klambi nganggo clana ketat sing rupane ireng, kaos ireng lengen dawa. Rambute sing isih ngrembyak dikuncrit ditaleni mendukur. Rampung sadurunge budhal isih kober ngaca nyawangi blengere awake sing atletis. Munyer-munyer sedhela nuli nyaut dompet, ditlasepake ing njero BH banjur metu saka hotel Kilisuci, kunci dititipake ing bagian resepsionis.

PENGIN PISAH

Sajrone novel *Kepanggang Wirang* Joni pingin misah Wirastri amarga Joni ngerteni Wirastri lagi nyeleweng karo Pradopo sing ora bojone, mula Joni Kismanto pingin misah Wirastri. Kayata cuplikan ing ngisor iki.

"Pak kula menika pimpinan bank, mosok gadhah semah purun nyeleweng? Rak gengsi kula anjlog! Pokokipun, kula suthik gadha bojo kendho tapihe kados piyambake!" Dados Nak Joni ngersakaken pisahan?" Mboten wonten margi sanes ingkang langkung sae kejawi pisahan Pak." (Tiwiek, 2016:40)

Pethikan iku nuduhake yen Joni manteb pingin pisah karo Wirastri. Joni isin nduweni garwa nyeleweng sing wis ngerusak kaparcayaane. Joni gengsi nduwe garwa kaya ngunu amarga Joni dadi pimpinane Bank Dana Arta. Pak RT getun keputusane Joni ora gelem dirampungake secara kekeluargaan. Joni mlebu kamar mrepegi Wirastri sing isih nglesot neng jobin. Joni ngomong yen wis gawe keputusan arep megat dheweke saksine Mas Dalijo lan Pak RT. Dina iku mau Wirastri kudu nenggalake omah. Wirastri kaget ora nyangka yen dheweke kudu nenggalake omah saiki, Joni ora nduwe welas marang Wirastri. Wis sah pisah karo Wirastri ing dina wengi iku Joni krasa kelangan marang Wirastri

PANYEBAB TUMINDAK DEGSIYA DENDHAM

Ing sajrone novel *Kepanggang Wirang* iki, tumindak degsiya disebabake amarga anane rasa dhendham ing jero atine Wirastri marang Pradopo. Dheweke dhendham amarga sing nyebabake bale wismane sing puluhan tahun ancur gara-gara Pradopo. Dheweke mangkel marang Pradopo. Uripe Wirastri

tentrem nganti ngasilake anak loro. Mara-mara Pradopo mbarung sinang nalika dheweke mungkat birahine. Wirastri arep males wirang pawongan sing nyebabake bebrayan karo Joni Kismanto ancur.

Dhendhame Wirastri marang Pradopo gedhe banget nganti dheweke sinau belah dhiri. Tekade wis manteb arep males wirang marang Pradopo. Dhendhame marang Pradopo sansaya gedhe banget. Bab kasebut bisa kagambarake saka pethikan ing ngisor iki.

“Wis wayahe ku males wirang marang bajul buntung kuwi! mangkono osiking batin. Ujug-ujug polatane kobong. Prantandha yen atine umrik. Sapa sing ora mangkel. Olehe bebrayan karo Joni Kismanto wis puluhan taun. Nganti ngasilake *cindhil* loro sing wis ngancik remaja. Uripe tentrem dhasar ketunggon bandha. E, mara-mara Pradopo mbarung sinang. Nylonong nalika ngomah pas sepi. Njarah kawinatane kalane dheweke pinuju mungkat birahine. Saengga kanthi ora sadhar manut wae kanggo bancakan si dhudha angguran. Huh! Bangsat ngisin-isinake! (Tiwiek, 2016:81)

Pethikan iku nuduhake yen Wirastri mangkel marang Pradopo amarga Pradopo wis bubrah rumah tanggane karo Joni Kismanto. Bebrayan karo Joni Kismanto sing wis puluhan tahun nganti uripe tentrem lan ngasilake anak loro. Nalika ngomah sepi. Mara-mara Pradopo nyelonong melbu mbarung sinang, nalika iku birahine Wirastri mungkat. Saengga kanthi ora sadhar Wirastri manut wae, dheweke kanggo bancakan si dhudha angguran. Wirastri mangkel nganti bangsat-bangsatake Pradopo. Wirastri arep males wirang kanthi polatane sansaya kobong. Pradopo wis bubrah rumah tanggane karo Joni lan wis gawe wirange Wirastri. Dheweke mangkel wis omah-omah puluhan taun lagi iki ana wong lanang sing buru sina yaiku Pradopo. Sadurunge ketan Pradopon uripe Wirastri tentrem. Pradopo nyelonong nalika ngomah Wirastri sepi anake sekolah, abdine Mbok Terminah menyang pasar lan Joni Kismanto budhal kantor. Wirastri atine tekad arep males menyang Pradopo, polatane Wirastri sansaya kobong.

TUMINDAK DEGSIYA JONI MARANG WIRAstri

Tumindak degsiya Joni Marang Wirastri

Ing sajrone novel Kepanggang Wirang iki, tumindak degsiya kang ditindakake Joni Kismanto marang Wirastri disebabake Joni Kismanto rumangsa dikhiyanati dening Wirastri. Joni kaget mlebu kamar weruhi Wirastri lagi cengkraman karo wong lanang liya.

Joni Kismanto duka nganti rambute Wirastri sing ngrembyak sapundak diukel. Nuli disendhal ngeget. Wirastri tumindak kaya ngono gawe Joni Kismanto mangkel kaya ngunu amarga ngerti Wirastri turu karo wong lanang liya ning ngarepe Joni Kismanto. Joni Kismanto ora gelem yen nduwe bojo turu karo wong lanang liya. Wirastri turu karo wong lanang liya selagi Joni Kismanto budhal menyang kantor. Tumindak degsiyane Joni awujud Wirastri disendhal banjur dijongkrokake karo Joni Kismanto. Bab kasebut bisa dideleng ana ing pethikan ngisor iki.

“Masssss....patenana wae aku! Patenana wae! Oh.... yagene bisa kaya ngene? Ya Allah ... banjuten wae nyawaku! Huu ... huuu ... hu ... !” Wirastri nangis histeris. Ing kahanan mau dheweke nyoba ngranggeh penganggone. Nanging Joni Kismanto sing waringuten kuwi ora menahi kalodhangan. Wirastri disendhal banjur dijongkrokake. Wadon kasangsaya kuwi kejengkang. (Tiwiek, 2016:35)

“Mas ... patenane wae aku! Gage patenana wae! Aja kok jarne aku kewirangan kaya ngene! Gage Mas ... huu ... huuu!” Ora njaluk mati kowe mesthi dakpateni sundel! Wadon lemer kaya kowe ora pantes diingu!” (Tiwiek, 2016:35)

Pethikan iku nuduhake yen Wirastri jaluk dipateni Joni Kismanto amarga Wirastri wis langgar kepercayaan Joni, mula saka iku Wirastri jaluk dipateni Joni Kismanto nganti Wirastri nangis histeris ora ana mandeke. Wirastri jaluk dijupuk nyawane marang Joni Kismanto, wis konangan kaya ngono Wirastri gage gawe klambine, nanging Joni Kismanto ora menahi kalodhangan Wirastri gawe klambine, Wirastri disendhal banjur dijongkrokake Joni Kismanto nganti Wirastri kejengkang. Tumindak degsiya Joni marang Wirastri, amarga Joni Kismanto ngonangi Wirastri cengkraman karo wong lanang liya ora karo Joni Kismanto sing bijone dhewe. Joni Kismanto kaya ngono amarga Wirastri wis langgar kepercayaan Joni Kismanto, Wirastri khiyanat marang Joni Kismanto. Joni Kismanto ndeleng bojoone turu karo wong lanang liya Joni Kismanto nguntab marang Wirastri nganti ora ana sing wani misah nganti Wirastri disendhal banjur dijongkrokake nganti Wirastri kejengkang lan ora bisa tangi. Joni Kismanto durung marem atine nganti ngomong kasar kang semesthine ora diomongake. Joni kismanto mangkel ngerti yen bojone yen ditinggal mergawe kuwi lagi seneng cengkraman

marang wong lanang liya. Joni Kismanto ngerti saka mripate dhewe yen Wirastri lgi pules turu karo wong lanang liya. Wirastri ora ngerti yen Joni Kismanto neng ngarepe karo mripate mencureng ketara yen ora seneng karo prilakune Wirastri marang wong lanang liya yen lagi ditinggal bojone mergawe. Tumindake Wirastri kaya ngono ndadekake Joni Kismanto megat Wirastri. Joni ora gelem yen nduwe garwa sing senengane nyleweng. Wirastri ngerti yen dipegat Joni lan kahanane yen ora gawe klambi Wirastri jaluk dipateni Joni Kismanto. Wirastri ora gelem urip yen nyandang wirang kaya ngene. Joni ora menehi kalodangan Wirastri gawe klambine. Wirastri di sendhal banjur dijlongkrokake Joni Kismanto nganti Wirastri kejengkang ora bisa tangi.

PANUTUP DUDUTAN

Ing babagan sadurunge wis diandharake perangan ngenani isi saka novel *Kepanggang Wirang* lan perkara kang diteliti. Saka asile andharan kang gegayutan karo perkara bale wisma kang njalari tumindak degsiya sajrone novel *Kepanggang Wirang* anggitane Tiwiek SA kanthi titingan sosiologi sastra.

Asil analisis ngenani paraga lan pamaragan sajrone crita ing novel *Kepanggang Wirang* kanthi unsur intrinsik kang tujuwane menehi pambiyantu titingan sosiologi sastra. Saka analisis ksebut bisa dideleng yen sajrone novel kasebut kang dadi paraga utamane yaiku Wirastri, Joni Kismanto lan Pradopo, dene paraga liyane minangka paraga tambahan kang nyengkuyung alure crita. Sajrone panliten iki luwih nengenake marang paraga lan pamaragan amarga paraga-paraga kuwi sing bisa nglakokake reroncene crita. Kejaba kuwi, saka paraga uga bisa njalari tuwuhe konflik sajrone crita novel *Kepanggang Wirang* kang ndadekake critane saya urip. Anggone pangripta nggambarake paraga lan pamaragan nggunakake rong teknik ing antarane teknik analitik(langsung) lan teknik dramatik(ora langsung).

Asil analisis wujud tumindak degsiya sajrone novel *Kepanggang Wirang*. Wujude tumindak degsiya yaiku; a) fisik, b) mental lan c) seksual.

Asil analisis sikape tumindak degsiya crita sajrone novel *Kepanggang Wirang*. Sikape paraga awujud ; a) rasa pingin balas dhendham, b) pingin gawe wirange Wirastri, c) nudhuh Wirastri nyeleweng d) pingin pisah, e) ora gelem nampa Wirastri, f) wedi, g) Mbok Terminah tresna marang Wirastri h) sedhih, i) ora seneng. Ing kene wujud tumindak degsiya wanita ngandharake ngenani kahanane wanita nalika dheweke nduweni dhendham.

Asil analisis ngenani penyebab tumindak degsiya ing novel *Kepanggang Wirang*. Penyebab iku bisa awujud; a) dhendhame Wirastri marang Pradopo, b)

Joni mumindak dagsiya marang Wirastri. Pranyata tumindak degsiya sajrone novel *Kepanggang Wirang* iki nduweni penyebab wanita kang nindakake tumindak degsiya ing antarane yaiku dhendhame wanita marang wong sing wis gawe wirange. Tumindak degsiya kang ditindakake dening Wirastri ing novel *Kepanggang Wirang* minangka kaca benggala kedadeyan ing urip satemene. Dadi, ora bisa mokal maneh yen sejatine ing karya sastra pancen tuwuh jalaran anane kedadeyan kang nyata. Bab iki bisa disebabake amarga ing jaman saiki akeh wanita sing jalari tumindak degsiya.

PAMRAYOGA

Panliten iki mujudake panliten sing isih ana perangan-perangan sing durung bisa kawedhar kanthi gamblang. Titingan sosiologi sastra sing digunakake kanggo nemokake tumindak degsiya sajrone novel *Kepanggang Wirang* anggitane Tiwiek SA. Panliten ngenani tumindak degsiya isih perlu ditindakake kanggo ngerteni pangrembakane prekara sosial sajrone reriptan sastra Jawa Modern.

Panliten bab tumindak degsiya sajrone genre sastra mligine sastra Jawa modern isih perlu ditindakake kanggo ngerteni perkara kang ana ing panguripan bale wisma sing ana sajrone jenis-jenis genre sastra. Tumindak degsiya sajrone novel bisa ditindakake kanggo ngerteni alasan-alasan sing ndadekake wanita jalari tumindak degsiya. Asil panliten iki bisa didadekake bahan rujukan sajrone pasinaon sastra mligine sastra Jawa ing perguruan tinggi, dene sajrone sekolahan, tumindak degsiya dirasa kurang pas kanggo didadekake bahan pasinaon. Tumrap pamaos, asile panliten iki kaajab bisa digunakake minangka sarana kanggo njembarake kawruh ngenani tumindak degsiya sajrone novel kanthi titingan sosiologi sastra sarta luwih nggampangake ngeteni makna lan isi sajrone novel.

KAPUSTAKAN

Aminuddin. 2010. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algesindo.

_____, 2001. *Pengantar Apresiasi Kasusastraan*. Bandung: Sinar Baru.

_____, 2002. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru.

Damono, Supardi Djoko. 1978. *Sosiologi Sastra Sebagai Pengantar Ringkas*. Jakarta: Departemen Pendidikan & Kebudayaan

- Darni. 2015. *Kekerasan Terhadap Perempuan Dalam Fiksi Jawa Modern*. Penerbit Unesa University Press
- Endraswara, Suwardi. 2011. *Metode Penelitian Sastra: epistemology, model, teori, dan aplikasi*. Yogyakarta: CAPS
- Faruk. 2012. *Pengantar Sosiologi Sastra*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar
- Geertz, Hildred. 1985. *Keluarga Jawa*. Jakarta: PT Grafiti Pers
- Hikmat, Mahi M. 2011. *Metode Penelitian: Dalam Perspektif Ilmu Komunikasi dan Sastra*. Yogyakarta: Graha Ilmu
- Hutomo, Saripan Sadi. 1975. *Telaah Kasusastraan Jawa Modern*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Ismawati, Esti, 2013. *Pengajaran Sastra*. Yogyakarta: Penerbit Ombak
- Junus, Umar. 1986. *Sosiologi Sastra Persoalan Teori dan Metode*. Kuala Lumpur : Dewan Bahasa dan Pustaka.
- Koentjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Moleong, Lexy J. 2010. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Penerbit Remaja Rosdakarya
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press
- _____, Burhan. 2009. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2010. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Najid, Moh. 2002. *Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya: University Press.
- Pradopo, Rachmat Djoko, dkk. 2001. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Hanindita Graha Widia.
- Rass, J.J. 1985. *Bunga Rampai Sastra Jawa Muktahir*. Jakarta. Grafiti Press.
- Ryan, Michael. 2011. *Teori Sastra, Sebuah Pengantar Praktis*. Yogyakarta: Jalasutra
- Ratna, Nyoman Kutha. 2010. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- _____.2013. *Teori Metode Dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Suwarni, 2013. *Sastra Jawa Pertengahan*. Surabaya: Perwira Media Nusantara
- Suwarni dan Widayati, Sri Wahyu. 2011. *Dasar- Dasar Upacara Adat Jawa*. Surabaya: CV. Bintang
- Sunarto, Kasmanto. 2011. *Sosiologi The Basics*. Jakarta : PT. Raja Grafindo Persada.
- Sarwana, Surlita Wirama.1991. *Apa dan Bagaimana Mngatasi Problem Keluarga*. Jakarta : Pustaka Artana
- Siswanto.2010. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Teew, A 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra: Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya
- Wellek, Rene lan Werren, Austin. 1995. *Teori Kasusastraan*. Jakarta: Gramedia.
- Zahro, Azizah.2014. *Makalah Problem didalam Keluarga Konseling Keluarga*, (online) (<https://azizahzahro96.wordpress.com/2014/05/02/.html>), diakses 12 Februari 2016).
- Faith, Nathan.2011. *Problematika Keluarga Dalam Terang*, (online), (<http://nathanfaith.blogspot.com/2011/09/.html>), diakses 12 Februari 2016).